



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKLERAJ NAN MONIMAN AK PON ETA NEW YORK YO POU MAKE JOUNEN MONDYAL SIDA.

Yo pral limen trèz moniman an wouj

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pon ak moniman Eta New York yo pral limen an wouj jodi 1 desanm 2021 an nan onè Jounen Mondyal SIDA a.

"Jounen Mondyal SIDA a se yon moman trè solanèl pou nou sonje sila yo ki te pèdi lavi yo nan epidemi VIH la, pandan n ap sansibilize sou batay san pran souf sa a ki kontinye nan jou sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ane sa make 40 an depi yo te rapòte premye ka yo. Menm kounye a, malgre pwogrè nou te fè, moun k ap viv avèk VIH kontinye santi doulè estigmatizasyon ki atache ak viris sa a, epi nan limen moniman New York yo, nou kapab pran yon tan pou onore 700,000 lavi Ameriken ke nou te pèdi akòz maladi ki gen rapò ak SIDA epi nou re-angaje nou pou mete fen nan epidemi SIDA a yon fwa pou tout."

Pon ak moniman yo ki pral limen an rekonesans ak Jounen Mondyal SIDA a gen ladan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station

Te gen gwo pwogrè syantifik nan menas kontinyèl VIH la men li toujou kontinye afekte anpil lavi nan nivo lokal ak global. Tèm pou Jounen Mondyal SIDA 2021 an se "*Metè*

Fen nan Epidemi VIH la: Aksè Ekitab, Vwa Tout Moun", ki mete aksan sou inegalite sante global yo ki vini avèk nasyon ak moun VIH afekte.

Nan nivo global, plis pase 36 milyon moun te pèdi lavi yo akòz maladi ki gen rapò ak SIDA epi gen yon estigmatizasyon kontinyèl kont anpil popilasyon ki afekte tankou omoseksyèl, biseksyèl ak lòt gason ki fè sèks avèk gason; minorite rasyal ak etnik, espesyalman Nwa/Afwo-Ameriken ak Ispanik/Latino; fanm ak fi sis-seksyèl ak trans-seksyèl; kominote LGBTQ+ la; sila yo ki itilize dwòg; ak lòt popilasyon majinalize yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418